

KHUTBAH JUMAT
SEKAWAN BAHAYANE REZEKI HARAM

هُرْفَعْتَسْنَوْ هُنْيَعْتَسْنَوْ هُدْمَحَنْ لِّلّٰهِ دُمَحَلًا
لَا هَدَحُوْا اللّٰهَ لَا اِلٰهَ اِلَّا هُوَ لَا نَاْ دَهْشَاْ اِنْلَامَعَاْ تَاْبِيْسَ نَمَوْ اَنِسْفُنَاْ رُوْرُشْدَ نَمِ اللّٰهَابِ ذُوْعَنُوْ
هُلْ كِيْرَشْد
ذُعْبَ اَمَّا هُلُوْسَرَوْ هُدْبَعَاْ اَدْمَحْمَنَّ اْ دَهْشَاْوْ
نَوْمِلْسُمْ مُنْتَاوْ لَا اِنْنُ تُوْمَتْ لَاوْ يَتَاَقْتَقْ دَاللّٰهُ اَوْقَتَاْ سُنَاْ اِنْلَا اِهْيَاْ اَيَفْ

Para rawuh kaum muslimin rahimakumullah,

Monggo wonten kesmpatan puniko kito wiwiti kanti syukur wonten ngerso dalem Allah SWT, ingkang sampun maringi anugerah, kenikmatan, iman lan islam. Sehingga kito saget nglampahi sholat jumat wonten masjid puniko. Salawat serto salam mug i tansah katur dumateng junjungan kito, Nabi Agung Muhammad SAW, keluarga, sahabat, lan umatipun ngantos dinten kiamat.

Sak derengipun, kula ngajak dhumateng awak kula piyambak lan panjenengan sedoyo, monggo kito sami ningkataken taqwa dumateng Gusti Allah Ingkang moho kuwahos. Tegesipun kito ngelampahi sedoyo perintahipun lan nebehaken sedoyo laranganipun. Mug i-mugi kanti taqwa meniko, kito kalebet golonganipun tiang-tiang ingkang beruntung donya lan akhirat.

Para jamaah ingkang kula hormati,

Gesang wonten ndonya puniko boten bakal ucul sangking tigo perkawes: iman, amal, lan rezeki.

Saben enjeng sak samponipun sare, ingkangdipun pikir pertami mesti: "niki pados bondo kados pundi?" "niki pados pangan sangking pundi?"Ananging sederek sedoyo...

Gusti Allah boten tangklet: "Panjenengan artone pinten?"

Ananging ingkang dipun tangkleti: "sangking pundi panjenengan angsal? Kangge nopo panjengan ginaaken?"Allah SWT dawuh wonten Surat Al-Baqarah ayat 168:

اَيُّبَطْ لَا اِلَادْ ضِرْ لَا اِيْ فِ اَمَمِ اَوْلَكْ سُنَاْ اِهْيَاْ اَيِ

Tegesipun: "He menungso, manganen soko opo sing ono neng bumi iki sing halal lan apik".

Wonten kaleh tembung kunci: HALAL lan THOYYIB

Halal = coro oleh-e bener, ora nyolong, ora korupsi, ora riba.

Thoyyib = barokah, sahe, resik, nyebabaken ayem tentrem.

Nabi Muhammad SAW ngendiko wonten hadis riwayat Muslim:

"اَيُّبَطْ لَا اِلْ بَقِيْ لَا بُيَطْ اللّٰهُ نَاْ"

Sederek sedoyo, Allah SWT niku resik, lan boten bakal nampi kejawi ingkang resik. Khatib badhe nyeritakne sekawan bahayane rezeki haram:

1. DONGANE BOTEN DIKABULKE

Kisah saking sabdanipun Kanjeng Nabi Muhammad SAW. Kisah meniko marai awak kita nggigil lan mikir.

Zaman semana wonten tiang jaler. Tiang niki sampun kesah tebih sanget. Rambute acak-acakan, awak-e kotor mergo keseso kesah.

Kesah teng pundi? kesah teng Mekkah, mergo kangen, mergo betah, mergo kepepet. Tiang niki mandek neng tengah dalan. Banjur ngadeg, tangane ditengadakke neng langit. Sambi nangis dheweke ndonga: "YAA RABB... YAA RABB... YAA RABB..."

Dhuh Gusti... Dhuh Gusti... Dhuh Gusti... Nangise kenceng. Suarane nyek. Ketok tenan ikhlas lan butuh banget marang Allah. Ning... priipun sedulur?

DONGANE BOTEN DIJAWAB KALEH ALLAH. Para sahabat engkang mireng banjur tanglet marang Kanjeng Nabi:

"Ya Rasulullah, nopo wong niku dongane ora dikabulke? Wong wes nangis-nangis ngono lho". Kanjeng Nabi banjur mangsuli karo pasuryan sedih. "Kepingin ngerti alasane?"

PANGANANE HARAM...NGUMBENE HARAM...SANDANGANE HARAM... LAN DI GEDHEKE SOKO REZEKI HARAM "KEPIYE DONGANE ISO DIKABULKE???" (HR. Muslim)

PELAJARANE Nopo, sederek sedoyo?. Wong iku wes usaha maksimal. Wes lungu adoh, wes kotor-kotoran, wes nangis-nangis. Ibadah jasmani kabeh ditindakke. Nanging gagal neng siji perkara Wetenge diisi rezeki sing haram. Duit-e hasil nipu. Dagangane ngapusi timbangan. Gajine soko riba. Opo hasil korupsi. Ibarate ngeten...

Koyok kito nyolok cas HP, nanging kabel-e pedot. Senajan colokane wes kenceng, nanging batre ora bakal mlebu.

Ngono ugo dongane. Senajan banter, senajan nangis getih, yen wetenge isine haram... ora bakal nyampe neng langit. CONTOH NENG JAMAN SAKNIKI: Ono bapak-bapak, saben malem jum'ah tahlilan, yasinan, ndonga ben anake lulus, ben dagangane laris.

Nanging... awan-e dodol barang tiruan. Nyolong listrik. Gajine nyambi rentenir. Nek ngono kepriye? Dongane mentok neng langit-langit omah. Ono ibu-ibu, tiap dino moco yasin ben anake dadi soleh.

Nanging dhuwite di gawe tuku skincare hasil nyolong, utowo hasil riba. Ya Allah... ngenes tenan. Kanjeng Nabi Muhammad SAW ngendika malih:

"Saben daging sing tuwuh soko rezeki haram, maka neraka luwih pantes kanggo dheweke" (HR. Tirmidzi)

Dados sederek sedoyo...

Ojo mung pinter ndonga. Nanging pintero ugo njogo piring.

Ojo mung pinter njaluk neng Allah. Nanging pintero ugo takon: "iki duit halal opo ora?"

2. BADAN KITO DADOS PAPANE NERAKA

"يَبْىَ لَوْ أَنَّ لَافِتْ حُسْدُنْ مِ تَبَذَ مِحْلُكُ"

Saben daging ingkang tuwuh soko rezeki haram, mongko neraka luwih pantes kangge dheweke.

Badan kito niki tuwuh sangking nopo ingkang kito dahar lan ngunjuk. Tegese awak kita niki tuwuh gedhe mergo mangan. Yen sing dipangan niku halal, yo awak-e dadi sehat lan nurut ngibadah.

Nanging yen sing dipangan niku haram, yo awak-e melu "kotor".Conto rezeki "SUHT" iku opo?

Hasil korupsi, riba, nyolong, ngapusi dagangan, nyogok, gajine soko maksiat, duit judol.Dadi yen bocah di gedekne soko duit haram, getih-e, daging-e, balunge melu tumbuh soko sing haram.

TEGES "FANNARU AULA BIH""Mongko neroko luwih pantes kanggo dheweke"lki tegese ono kaleh:

Neng Akhirat: Wong sing seneng mangan haram, pantes-e mlebu neraka. Mergo nglanggar perintah Allah.

Neng Donya: Urip-e ora tentrem. Akeh masalah, rezeki ora berkah, omah rame terus. Rasane koyo "neraka donya".

3. KELUARGA BOTEN AYEM TENTREM

Rezeki haram marai anak dados angel diatur, garwo gampil nesu, griyo rame terus. Mergo berkah-e dicabut.

Dos pundi wujud "boten ayem tentrem"?Rezeki haram niku ngresep neng omah koyo racun. Wujud ngene:garwo gampang tukaran, Perkoro cilik dadi gede. Dino iki tukaran duit, sesuk tukaran mergo curiga. Ati ne panas terus. Mergo berkah e wes dicabut Gusti Allah.putro dados angel diatur/durhaka. wes disekolahke larang-larang, di kei HP, di kei motor. Nanging malah mlayu neng dalan sing ora bener. Ngelawan wong tuwo.

Mergo getih lan daging e tuwuh soko rezeki sing ora halal. Dadi angel ditoto. Omah rame terus Senajan omah e gedhe, mewah, AC adem. Nanging hawane sumuk. Kabeh wong neng omah do mingkem, do dolanan HP dewe-dewe. Ora ono guyon, ora ono ngaji bareng. Duit entek nggo perkoro sing nggawe susah, Gajian akeh, nanging entek kanggo suku obat, bayar utang, ganti barang rusak, utowo nggo masalah anak. Ora ono sisa kanggo sodakoh. Iki jenenge "rejeku mblayu".

4. SIKSO KUBUR LAN AKHIRAT

Wonten cerita, tiang igkang biasa mangan riba, besuk neng alam kubur wetenge gede koyo omah, di keploki watu. Dos pundi sederek sedoyo...

Sakniki katah dalan cepet sugih nanging haram: ngapusi dagangan, nyurangi timbangan, nggandakake bunga bank, korupsi dana desa, judol.Eling! Rezeki iku wes ono sing ngatur. Tugas kito mung usaha lan njogo kehalalane.Nabi ngendika: "Golekono rezeki sing halal, senajan abot koyo golek banyu neng watu"Lan kabar apike, rezeki halal sanajan sithik niku berkah-e luar biasa: Ati ayem tentrem - Sare nyenyak, boten was-was polisi, boten was-was ditagih, Keluarga barokah – putro soleh, griyo adem, Gesang cekap - Sekedik cekap, Katah syukur, Donga mustajab - Mergo weteng resik

مُكَلِّوْٓيْـلَـهُ ٱللَّهُ ٱرْفَعْتَـسَـأُو ٱذْهَبْـيْـنَـوَقْـلُـوَقَـا

رَمَا أَمَكَ أَرِيْثَكَ أَدْمَحِرَ لِلَّهِ دَمَحِلَا
 هَلْ كِيرَشَ لَا هَذَوُ اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْ أَدَهْشَأْ وَ
 رَفَكُو هَبْ دَحَجُنْ مِلْ أَمَا غَرِإِ
 دَيْسْ هُلُوسَرُو هَذَبْ أَدْمَحُمَّ أَنْ أَدَهْشَأْ وَ
 رَشْبِلَا

دَمَحُمَّ أَدَيْسْ يَلَعْ كِرَابَوْ مَلَسَوْ لَصَّ مُهَّلَا
 إِلَا أَنْ أَسْحَابْ مُهَعِبَتْ أَنْ مَوِ هَبْ حَصَوِ هَلْ آ يَلَعَوِ
 اللَّهُ دَايَعْ أَيْفْ هُذَعْبْ أَمَا أَنْ يَدَلَا مَوِ
 زَا فْ دَقَفْ اللَّهُ يَوْقَتَبْ يَسْفَتَوْ مَكِصَوَا
 أَنْ وَقَّتْمَلَا

:مِيرَكَلَا هَبَا تَكْ يَفْ يَلَعَتْ اللَّهُ لَاقْ
 قَحَ اللَّهُ أَوْقَتَا أُوْنَمَ أَنْ يَذَلَا أَاهِيَا أَيْ
 أَاهِيَا نُوْمِلْسُمْ مُتْنَأْ وَلَا أَنْ تُوْمَتْ لَا وَهَتَا قَتْ
 أَنْ وَمِلْسُمَلَا

أَمَكَ دَمَحُمَّ لَ آ يَلَعَوِ دَمَحُمَّ يَلَعْ لَصَّ مُهَّلَا
 مِيْدَهْ أَرْبَا لَ آ يَلَعَوِ مِيْدَهْ أَرْبَا يَلَعْ تَيْلَمْ
 أَمَكَ دَمَحُمَّ لَ آ يَلَعَوِ دَمَحُمَّ يَلَعْ كِرَابَوْ
 مِيْدَهْ أَرْبَا لَ آ يَلَعَوِ مِيْدَهْ أَرْبَا يَلَعْ تَكْرَابْ
 دِيْجَمْ دِيْمَحْ كَنَّا

، تاملُسلماو نيمِلُسلِمِلْ رِفْغَا مُهَّلَا
 مُهْنِمِءَايَحَلَا ، تَانِمُؤْمَلَاو نِينِمُؤْمَلَاو
 تَاوْمَلَاو
 لُكْ يَفَن يَمِلُسلَمَا لْاَوْحَا جِلْصَا مُهَّلَا
 نَاكَم
 يِنِغَاو ، كِمَا رَحْنَعَا لِكِلَا جِب يِنْفَكَا مُهَّلَا
 كَاو سُنْمَعَا لِكِلْضَفِب
 أَقْزِرَو ، أَعِفَانَا مِدْعَا كِلْأَسَا يِنَا مُهَّلَا
 لَّابَقْتُم لَّامَعَو ، أَيِّيط
 ءَامْسَلَا نِمَّ ةَدِئَامَا نِيْلَعَا لِزْنَا لَتْبَر
 لَكِئِمَّ ةِيَاو لَنِرْخَاو لَنِزْوَلا أَدِيْعَا لَنِزْوَلا نُوَكْتَا
 نِيْقِزَا رَلَا رِيْخَا تَنَاو لَنِقْزِرَاو ۞
 ةِرْخَلَا يِقْوَة تَسَحَا لَيْنْدَلَا يِفَا لِنِزْوَلا لَتْبَر
 رَانْدَلَا بَاذَعَا لِنِقْوَة تَسَحَا
 يِذِءَا تِيَاو نَا شَحِلَاو لِنَدْعَلَا بَرْمَايَا لَلّٰهُ نِي
 رَكْنِمَلَاو ءَا شَحَفَلَا نَعَا يَهْتِيَاو ، يَبْرُقَلَا
 اُوْرُكْذَا فَا . نُوْرُكْذَتَا مُكْلَعَلَا مُكْطَعِيَا ، يَغْبَلَاو
 يَمَعِنَا يِلَعَا هُوْرُكْشَاو ، مُكْرُكْذِيَا مِيْطْعَلَا لَلّٰهُ
 ةَلَا صِلَا مَقَا رِبْكَأَا لَلّٰهُ رُكْذَلَاو ، مُكْذِيَا